Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№ 12 (25985)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2024 азы 25 январ — тъæнджы мæйы 25 бон, цыппæрæм

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 АМАЛХЪОМАД
Ахадгæ æххуыс

3 НÆ РАЗАГЪДЫ ЛÆГТÆ
“Мæ уд мысайнагæн æвæрын...”

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Хъæбысхæст

Уæрæсейы Федерацийы Президенты
УКАЗ

Бирæсывæллонджын бинонтæн социалон æххуысы тыххæй

Паддзахады æмæ æхсæнады рæзты бинонты бынат куыд ахадгæ у, уый нымайгæйæ, **уынаффæ хæссын**:

1. Уæрæсейы Федерацийы бирæсывæллонджын бинонтыл нымад сты æртæ æмæ фылдæр сывæллæттимæ бинонтæ, сæ статус уæд æнæмгъуыдон.

2. Бирæсывæллонджын бинонтæн социалон æххуысы мадзæлттæ конд цæуынц, хистæрыл цалынмæ 18 азы кæнæ йыл, ахуыргæнæндоны, комкоммæ уагæй ахуыргæнгæйæ, 23 азы нæ сæххæст уа, уæдмæ.

3. Бирæсывæллонджын бинонтæн Уæрæсейы Федерацийы закъонæвæрынадмæ гæсгæ зæрдæ æвæрынц:

а) сывæллоны райгуырды æмæ йæ хъомыл кæныны тыххæй паддзахады ‘рдыгæй лæвæрд цæуынц пособитæ;

б) фæллойадон ахастдзинæдты лæвæрд цæуынц æххуысы мадзæлттæ;

в) æртæ æмæ фылдæр сывæллоны райгуырды æмæ схъомыл кæныны тыххæй ныййарæгæн рагацау лæвæрд цæуы йæ кармæ гæсгæ фæдзæхстадон пенси;

г) бирæсывæллонджын ныййарджытæн профессионалон ахуырад радтыны æмæ сæ уæгъд рæстæг хæрзхъæдæй æрвитыны фæдыл уæлæмхасæн профессион ахуырад райсын;

д) Уæрæсейы Федерацийы фæзуаты музейтæм, культурæйы æмæ фæлладуадзæн парктæм, бирæсывæллонджын бинонтæ кæм цæрынц, уый нæ нымайгæйæ, Уæрæсейы субъектты фæткыл æмæ уавæрты лæвар цæуыны бартæй æххæстгонд цæуынц.

Бастдзинæдтæ

Цæттæ стæм æмгуыстадмæ

РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис фембæлд Тæтæры Республикæйы официалон делегацийы уæнгтимæ. Сæ сæргъы лæууы республикæйы Хицауады Сæрдары хæдивæг, Тæтæры Æппæтдунеон конгрессы национ советы сæрдар Василь ШАЙХРАЗИЕВ. Дыууæ субъекты минæвæрттæ сæмбæлдысты Хицауады хæдзары.

Архайдтой дзы РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивæг **Томайты Ирбег**, национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министр **Бæгъиаты Алан**, нациты ‘хсæн æхсæндон змæлды сæрдар **Лæгкуты Вячеслав**, Тукайы номхæссæг Тæтæры национ-культурон æхсæнады сæрдар **Галия Гусейнова**. Уазджытæн æгасцуай зæгъгæйæ, Дзанайты Барис фæбæрæг кодта, ахæм фембæлдтытæ тынг ахсджиаг кæй сты, уыдоны руаджы культурон, экономикон, хæлардзинады бастдзинæдтæ фидардæр кæй кæнынц.

"Цæгат Ирыстон у бирæ национ æмæ бирæ динты республикæ, цæрæм иу дзæбæх бинонтау, уыцы уавæрæн стæм бæрнон. Нæ республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** уымæ хъус дары. Ирыстоны зæххыл тæтæйраг адæмы минæвæрттæ рагæй цæрынц. Уæ традицитæ, æгъдæуттæ ам хъахъхъæд цæуынц. Уæ адæмы истори дарддæр дæр адæтдзысты иннæ фæлтæртæм, 30 азæй уæлæмæ Тæтæры национ-культурон æхсæнад республикæйы царды сæрæнæй архайы.

Уый тыххæй бузныг зæгъын Галия Гусейновайæн, Лæгкуты Вячеславы разамындæй "Нæ Ирыстон" æппæт хъуыддæгты дæр ис разæй", — загъта Дзанайы-фырт.

Куыд ма бацамыдта, афтæмæй Цæгат Ирыстоны национ политикæ баст у культурон хæзнатæ бахъахъхъæнын æмæ сæ фæфылдæр кæнынимæ, нациты ‘хсæн бастдзинæдты рæзтимæ. "Цæгат Ирыстоны географион уавæр нымайгæйæ, кæддæриддæр уыдыстæм ахсджиаг культурон æмæ æхсæнадон цауты центр. Фарон федералон æмвæзады сбæрæг кодтам Аланийыл саргъуыды 1100 азы бæрæгбон. Ацы аз та бæрæг кæндзыстæм Ирыстон Уæрæсеимæ баиуы 250 азы, Дзæуджыхъæуы 240 азы æмæ республикæйы автономийы 100 азы. Хо-цæттæ сты æргом ныхасмæ, æмгуыстадмæ. Мах, куыд Хицауады уæнгтæ, афтæмæй делегацитыл æмбæлæм, кæсæм, фæлтæрддзинадæй пайда кæнæм. Нæ размæдзыдæн нæм уæ уыцы бæрæгбæттæм", — фæбæрæг кодта Дзанайты Барис.

Василь Шайхразиев куыд бафиппайдта, афтæмæй Уæрæсе тынг стыр бæстæ у, Калининградæй Камчаткæмæ, Мурманскæй Дзæуджыхъæумæ. "Абон Хъазан æмæ Дзæуджыхъæуы ‘хсæн комкоммæ бастдзинæд кæй ис, уымæй зæрдæ райы. Бирæ фарстатæ æнцонæй æмæ рæвдздæр лыггонд цæуынц. Аэропорты фæсдзыд кæнджыты службæ куыд дзæбæх кусы, уымæ кæсын æхсызгон уыд. Туристтæн уый хорз æххуыс уыдзæн. Тæтæры Республикæйы разамынд уыдæттæ тынг ахсджиаг сты", — загъта Тæтæры Республикæйы Хицауады Сæрдары хæдивæг.

Тæтæры Республикæйы официалон делегацийы балц баст у Цæгат Кавказы федералон зылды тæтæйраг æхсæнæдты цæугæ æмбырдимæ. Хъуамæ равзарой регионты ‘хсæн культурон æмæ гуманитарон æххуысы мадзæлттæ рапарахат кæныны фарстатæ, уымæй уæлдай, спайда кæндзысты федералон зылды æхсæнадон иугæндты этникон æмæ культурон фæлтæрддзинадæй.

БУТАТЫ Эльзæ

Уæлдæфон транспорт

Бæлццæтты нымæц

Дзæуджыхъæуы аэропорты бæлццæтты нымæц 2023 азы сырæзыд 15 проценты.

Йæ лæггæдтæй йын спайда кодтой 916 мины æмæ 500 адæймаджы. Уый тыххæй фехъусын кодта аэропорты пресс-службæ.

Бæлццæттæн сæ фылдæр тахтысты Уæрæсейы алы рæттæм, иннæтæ та — фæсарæнты бæстæтæм. 2023 азы Дзæуджыхъæуы аэропортæй хæдтæхджытæ тæхын райдыдтой Хъазанмæ, Новосибирскмæ, Уфамæ, стæй Дубаймæ дæр.

Нæ уацхæссæг

Артимæ къус

Бинонты аз райдыдта

Мæскуыйы, равдыст-форум "Уæрæсе"-йы, сæ цард чи баиу кодта, Хетæгкаты уыцы бинонтæ Цæгат Ирыстонмæ сластой нысаны къус артимæ. Уымæй нæ республикæйы райдыдта Бинонты аз.

Уымæй размæ равдыст-форум "Уæрæсе"-йы кадджын уавæры Бинонты æппæтуæрæсеон артдзæст ссыгътой. Уый тыххæй зынг сластой Муромскаг Сыгъдæг-Троицкаг моладзандонæй. Уым сæ амæлæты фæстæ ныгæд æрцыдысты бинонты æмæ къайадыл аудæг сыгъдæг Петр æмæ Феврония.

Нæ уацхæссæг

Кировы районæй

Нуазыны дон — парахатæй

Паддзахадон программæйы бындурыл нæ республикæйы алы хъæуты ивд цæуынц доны хæтæлтæ.

Уыцы хорз хъуыддагыл кусынц Кировы районы дæр. 2024 азы программæ дарддæр хæццæ кæндзæн.

— Нырмæ бынæттон цæрджытæм дон цыд къуылымпытимæ, уымæн æмæ доны хызтæн йæ 80 проценты баихсыд, хæтæлтæ-иу арæх атыдтой, дон дзæгъæл калд кодта, — хъусын кæнынц республикæйы "Водоканал"-æй.

Ивгъуыд аз Ставд-Дурты хъæуы ног хæтæлтæ сæвæрдтой 1600 метры бæрц Хайманы-фырты æмæ Таболы-фырты уынгты хицæн уаццæгтыл. Полиэтиленæй конд хæтæлтæ æнæкъуылымпыйæ бакусдзысты 50 азы бæрц.

Ацы аз та специалисттæ бавналдзысты Ставд-Дурты, Ираны æмæ Даргъ-Къохы доны хæтæлтæ ивынмæ

ДЗБОЙТЫ Алихан

Æххуыс

Санаторитæм ацæудзæн фылдæр хъыгдард адæм

Дыууæ хатты гыццыл хъуаг фæфылдæр, Беслæны теракты хъыгдард чи баййæфта, уыцы адæмы сæхи дзæбæх кæнынмæ санаторитæ æмæ курорттæм æрвитынæн æхца.

Уымæн æрвылаз дæр уагъд цыди 30 милуан сомы, амæй фæстæмæ та уыцы нымæц хæццæ кæндзæн 58 милуанмæ. Уый тыххæй фехъусын кодта Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**.

— Нæ бон уыдзæн æрвылаз дæр санаторитæм 519 адæймаджы æрвитын —раздæримæ абаргæйæ, 183 фылдæр. Уый фæдыл мæ фæнды арфæ ракæнын Уæрæсейы Президент Владимир Путинæн, уый мæ куырдиатыл дыууæ нал загъта æмæ бахæс кодта хъыгдард адæмæн 2030 азы онг æхцайы фæрæзтæй æххуыс фæфылдæр кæнын. Ахæм æххуыс уыцы æвирхъау фыдбылызы бахауæг адæмы тынг хъæуы, — загъта Сергей Меняйло.

Ныртæккæ Беслæны теракты хъыгдард адæм се 'нæниздзинад фидардæр кæнынц фылдæр Кавказы Минералон Дæтты, Цæгат Ирыстоны, стæй Краснодары край æмæ Уæрæсейы центрон регионты дзæбæхгæнæндæтты.

ГУГКАТЫ Жаннæ

Цæлхæмбырд

Ныхас — музейты æдасдзинадыл

Ивгъуыд хуыцаубоны Абхазы Культурæйы министрад куыд фехъусын кодта, афтæмæй Сухумы зынгсирвæзты аххосæй басыгъд Национ галерейы нывты фонд. Хъыгагæн, зынджы хай баисты 4 мин абхазаг æмæ фæсарæйнаг нывгæнджыты куыстытæ. Семæ уыдысты фыццаг абхазаг нывгæнæг Александр Чачба-Шервашидзейы, Варварæ Бубнова æмæ Ольгæ Бренделы конд нывтæ, 19 æмæ 20 æнусты уырыссаг æмæ абхазаг нывгæнджыты куыстытæ.

Ахæм æвирхъау уавæр ма 'руадзыны тыххæй, Тугъанты Махарбеджы номыл аивадон музейы саразтой цæлхæмбырд. Архайдтой дзы РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдары хæдивæг **Гутнаты Аслан**, Дзæуджыхъæуы Минæвæртты æмбырды сæргълæууæджы хæдивæг **Сæлбиты Зитæ**, РЦИ-Аланийы Нывгæнджыты цæдисы сæрдар **Мæргъиты Таймураз**, РЦИ-Аланийы Архитекторты цæдисы сæрдар **Алыккаты Руслан**, Театралон аивады музейы сæргълæууæг **Сæлбиты Беллæ**, Национ музейы разамонæг **Цуциты Аслан**, аивадиртасæг **Гæздæнты Зарæ**, Дзанайты Азанбеджы номыл Дзæуджыхъæуы аивæдты училищæйы директор **Хетæгкаты Аслан**, Культурæйы министрады минæвæрттæ, нывгæнджытæ.

Тугъанты Махарбеджы номыл музейы фонды ис æхсæз мин экспонатæй фылдæр, 18-20 æнусты уырыссаг æмæ ирон нывгæнджыты куыстыты коллекци, æвдыст цæуынц нæ нацийы сæйрагдæр историон цаутæ. Къостайы къухæй конд 23 нывæй музейы ис 18 нывы, Тугъанты Махарбеджы, Едзиты Сослæнбег æмæ Тауаситы Сослæнбеджы нывтæ — дыууæ сæдæйæ фылдæр. Цы аивадон хæзнатæ æмæ экспонаттæ дзы ис, уыдон зынгсирвæзтытæй хъахъхъæнынил, бæстыхæйтты техникон уавæрыл ныхас байгом кодта музейы разамонæг **Дзанайты Аллæ**. "Ацы фарстатыл мах бирæ хæттыты дзырдтам, æмæ ма ныр дæр ноджы иу хатт, Сухумы трагедийы фæстæ нæ фæнды æхсæнады æргом сæм раздахын. Музейы нæй сигнализаци æмæ зынгсирвæзты тыххæй хъусынгæнæн фæрæзтæ. Нæ проектон гæххæттытæ цæттæ сты 2020 азæй нырмæ, фæлæ сæ саразынæн æхцайы фæрæзтæ нæй. Ныртæккæ нæм цы уагæвæрд ис, уый у зæронд, хъæуы йæ ивын", — радзырдта Дзанайты Аллæ.

(Кæрон 2 фарсыл)

Дзырды фарн

Нæ фыдæлтæ сæ хъарм тугæй дæу балхæдтой, мæ зæхх.

КОЧЫСАТЫ Мухарбег

Боныхъæд

Республикæйы гидрометцентр куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **25 январы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **7-2 градусы уазал,** Дзæуджыхъæуы — **6-2 градусы уазал.**

Боны дæргъ — 09,39

Хурыскаст — 07,23
Хурныгуылд — 17,03

Валютæйы аргъ

Доллар — 88,05 ↓
Евро — 96,67 ↑

12+

Амалхъомад

Ахадгæ æххуыс

Национ проект "Гыццыл æмæ рæстæмбис амалхъомад"-ы нæ республикæ разæнгардæй кæй архайдта, уый фæрцы Цæгат Ирыстоны амалхъомадæн æххуысы хуызы лæвæрд æрцæудзæн 115 милуан сомы.

Уыцы æхцайы фылдæр хай бахардз кæндзысты, бацамоныны æмæ ахуыры лæггæдтæн амалхъомады хъуыддаг хæрзæрæджы чи райдыдта æмæ фаг фæлтæрддзинад кæмæ нæма ис, уыцы адæмæн.

Уыцы нысанты фæлгæты æрмæст 2023 азы амалхъомадæн æххуысы нæ республикæйы сæрмагонд фонд сарæзта сæдæ ахуырадон мадзалы, архайдтой дзы дыууæ мин амалхъомы бæрц, стæй ма, уыцы куыст райдайыны фæнд кæмæ ис, уыдон дæр.

Рохуаты нæ баззайдзысты æрыгон, стæй социалон, зæгъгæ, уыцы къордмæ чи хауы, уыцы амалхъом адæм дæр. Ивгъуыд аз конкурсы бæрæггæнæнтæм гæсгæ æххуыс — 500 мин сомы аргъ гранттæ райстой 22 амалхъомы.

Нæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло куыд радзырдта йæ телеграм-каналы, афтæмæй Цæгат Ирыстоны экономикæйы гыццыл æмæ рæстæмбис амалхъомад ахсынц ахсджиаг бынат — ис нæм уыцы къабазы архайæг 17 мин куыстуаты, сæ нымæц кæны фылдæрæй-фылдæр. Уымæ гæсгæ сæм иудадзыг уыдзæн цæстдард, паддзахадон æххуысы мадзæлттæй пайда кæнгæйæ.

ХÆМЫЦАТЫ Морис

Ныхас — музейты æдасдзинадыл

(Райдайæн 1 фарсыл)

Зынгсирвæзт не 'руадзыны тыххæй сигнализацийæ Театралон аивады музей сифтонг кæныны куырдиæттæ афæдз 3-4 хатты фыссы республикæйы Культурæйы министрадмæ музейы сæргълæууæг Сæлбиты Беллæ дæр, фæлæ хъуыддаг йæ бынатæй не 'нкъуысы.

Музей ацы риссаг фарста алыг кæнынил бирæ азты кæй архайы, ууыл сразы ис аивадиртасæг Гæздæнты Зарæ дæр. Йæ ныхасыл ма бафтыдта, музейæн кæй нæй хи æфснайæн бынат дæр.

— 90-æм азтæй музейы нæй ирон нывгæнджыты куыстытæ, афтæмæй та Ирыстоны ис 7 аивадон скъолайы æмæ бæрзонд æмвæзадыл цæттæ кæнынц курдиатджын нывгæнджыты. Уый хуыздæрæрдæм нæ зыны музейы куыстыл, умæн æмæ сæ бон нæу нырыккон нывгæнджыты куыстытæ балхæнын. Музейы куысты мидис ныв æрцауындзынæй нæу, хъæуы сын æмбæлгæ уавæртæ сæ бахъахъхъæнынæн, — æмхъуыды уыдысты Дзанайты Аллæ æмæ Гæздæнты Зарæ.

— Хорз уаид, нæ республикæйы куы фæзынид уæрæх бæстыхаимæ музей нырыккон техникон фæрæзтимæ. Уымæн æмæ ацы музей кæддæр уыд кæйдæр хи хæдзар, нæй дзы, куысты домæнтæн дзуапп чи дæтты, ахæм уавæртæ", — загъта йæ хъуыды РЦИ-Аланийы Нывгæнджыты цæдисы сæрдар Мæргъиты Таймураз.

Музейты кусджыты æмæ нывгæнджыты раныхæстæм лæмбынæгæй хъуыстой хицауады минæвæрттæ дæр. Сæ иумæйаг хъуыдымæ гæсгæ, ацы ахсджиаг фарстатæ фæхæццæ кæнын хъæуы республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйломæ.

РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдары хæдивæг Гутнаты Аслан куыд радзырдта, афтæмæй республикæмæ уазджытæ куы ссæуы, уæд сын фенын кæны Национ музей. "Ам æмæ иннæ музейты дæр ис нæ адæмы удварны хæзнатæ, æмæ сæ мах хъуамæ цæсты гагуыйау хъахъхъæнæм. Нæ Парламентæн йæ бон у цавæрфæнды риссаг фарстайыл дæр æрныхас кæнын, æмæ мах ацы фембæлды фæстæ сæмбырд кæндзыстæм сæрмагонд къамис. Абон специалисттæй фехъуыстон бирæ хъæугæ æмæ пайдайаг хъуыдытæ, æмæ раст уаид, республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйломæ сæ куы фæхæццæ кæниккой, уæд. Мæхи 'рдыгæй зæрдæ æвæрын, ацы фембæлды тыххæй Парламенты Сæрдар Тускъаты Таймуразæн кæй радзурдзынæн. Уый стыр æргом здахы республикæйы вазыгджын фарстатæм æппæт къабæзты дæр. Æнæмæнгæй, нæ хъуыдытæ зæгъдзыстæм".

Национ музейы директор Цуциты Аслан, уавæр зонгæйæ, бафиппайдта, музейты куысты бирæ лыггæнинаг фарстатæ кæй ис. "Фарон сыл дзырдтам Парламенты депутаттимæ. Сухумы зынгсирвæзты фæстæ мах дæр хъуамæ æхцайы фæрæзтæ агурæм федералон æмæ республикæйы бюджеттæй кæнæ та агурæм амалхъом адæймæгты. Афтæ мæм кæсы, цыма нын меценаттæ зæрдиагæй баххуыс кæндзысты. Арфæйы аккаг у не 'мзæххон, меценат **Гуыриаты Владимир.** Уый йæхи хъæппæрисæй сцалцæг кодта музейæн йæ иу хай, фæлæ дыккаг уæладзыг дæр у цалцæггæнинаг. Иу хатт ма йæ зæгъын, музейы куысты æвзæры къуылымпыдзинæдтæ, æфснайæн сын кæй нæй, уый аххосæй. Уымæн æмæ, исты куы 'рцæуа, уæд фесæфдзысты, аргъ кæмæн нæй, ахæм культурон хæзнатæ".

МАМИАТЫ Лолитæ

Культурæ

Æрдзырдтой программæ "Пушкины номыл картæ"-йыл

Æрæджы Цæгат Ирыстоны Ирон театры уыд æмбырд программæ "Пушкины номыл картæ"-йы фæдыл. Куыд зонæм, афтæмæй ацы картæйы фæрæзтæ хардз кæнæн ис театр, музей æмæ кинотеатрты дæр. Ацы программæ у тынг хорз амал нæ фæсивæдæн. Уый фæрцы рæзы сæ цымыдисдзинад аивадмæ, кæд æрыгæттæ арæхдæр цæуын райдаиккой равдыстытæ æмæ театртæм дæр.

Æмбырды архайдтой РЦИ-Аланийы культурæйы министр **Фидараты Сослан**, ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ**, Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон Ирон академион театры аивадон разамонæг **Уалыты Гиви**, Евгений Вахтанговы номыл Уырыссаг академион театры театрдзаутимæ куысты фæдыл директоры хæдивæг **Лилия Курганская**, республикæйы театрты, районты алы ахуырадон уагдæтты минæвæрттæ.

— Тынг æхсызгон мын у нæ республикæйы ахуырадон кусæндæтты разамонджыты уынын. Культурæйы министрадимæ иумæйагæй абон æрдзурдзыстæм, нæ фæсивæд æхсæнадон-культурон хъуыддæгтæм цас æмхиц сты, ууыл. Кæй зæгъын æй хъæуы, ахуырад æмæ культурæ æнæ кæрæдзи нæ рæзынц. Республикæйы фæзминаг культурæ куы уа, уæд ахуырад дæр фæзминаг уыдзæн. Интернеты знон бакастæн, зæгъгæ, иуæй, театртæ æмæ музейтæм цæуæг фæсивæдæн сæ нымæц фæфылдæр, иннæмæй та дзы ныййарджытæ фыстой, зæгъгæ, дам, нын нæ сывæллæтты тыхæй хонынц театртæм, уый хъыг хабар нæу? Уымæй хуыздæр та ма цы уа, æмæ лæвар цæуыны фадат ис фæсивæдæн ацы проекты фæрцы нæ культурон уагдæттæм! Стæй ма иуæйиу ахуыргæнджытæ сæ ахуырдзауты никæдæм хонынц, махмæ та бирæ ис культурон бынæттæ. Æмæ абон мах ам уый тæххæй æрбамбырд стæм, цæмæй æрныхас кæнæм, кæрæдзимæ байхъусæм, нæ фæндтæ зæгъæм ацы хъуыддаджы фæдыл. Абон иумæ бацархайæм, цæмæй нæ республикæйы алы сывæллон социалон-культурон объекттæм æппæты къаддæр аз цыппар хатты цæуа, — загъта Алыбегты Эллæ.

Лилия Курганская куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй, ацы проект кæдæй цæуы, уæдæй нырмæ æрмæст Уырыссаг театрмæ Пушкины номыл картæйæ æрбацыд фæсивæды минæвæрттæй 14 мины, æвæрд æрцыд 224 спектаклы. Нырыдæгæн ацы проекты архайынц 28 организацийы.

Нæ республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** йæ телеграм-каналы куыд фехъусын кодта, афтæмæй нырыдæгæн 41 мин скъоладзауы æмæ студенты амынд картæйæн гæххæттытæ сарæзтой.

Ныхас ма цыд куысты цæлхдуртыл. Загътой, билеттæ куы балхæнынц, уæд сывæллæттæ хаттæй-хатт кæй не 'рбацæуынц, æмæ уый, кæй зæгъын æй хъæуы, тынг хъыг вæййы.

— Программæ "Пушкины номыл картæ" адæмæн дæтты бар, цæмæй лæвар цæуой алыхуызон культурон объекттæм, уый, мæнмæ гæсгæ, у тынг хорз хъуыддаг. Абон махæн ахсджиаг у нæ рæзгæ фæлтæрæн дзурын, театры сценæйы цы цæуы, уый, цæмæй сæм цымыдисдзинад æвзæра культурæмæ. Алчидæр æй зоны, æнæ культурæйæ адæймаг мæгуыр кæй у, — загъта Фидараты Сослан.

Æрбацæуæг адæмæн уыд фарстытæ радтыны бар. Загътой, фæсивæдæн спектаклтæ æмæ равдыстытæ æртæ сахатæй фæстæдæр кæй не 'вдисдзысты, цæмæй сæ бон уа æнцонæй сæ хæдзæрттыл сæмбæлын. Уымæй уæлдай ма æрдзырдтой ууыл дæр, æмæ урокты фæстæ кæй ссардзысты рæстæг, цæмæй сывæллæттæ аныхас кæной спектаклтыл, равдыстытыл, уый хорзырдæм фæбæрæг уыдзæн фæсивæдыл.

ЦÆГÆРАТЫ Эльмирæ

Зарæджы аккаг

Мæлæты къухтæй хæстонты скъахы...

Интернеты тыгъдады зилдух кæны сæрмагонд æфсæддон операцийы архайæг ГУЫМЕЦЪАТЫ Сосланы кадæн зарæг "Нæ æфсæддон дохтыр". Куыд рабæрæг, афтæмæй йæ автортæ сты Фатимæ НОГМОВА æмæ Анзор САРБАШЕВ сыхаг Кæсæг-Балхъары Республикæйæ. Йæ бынмæ ахæм ныхæстæ: "Сослан Хъазыбеджы фырт, хæстонты мадæлтæ дын ныллæг сæ сæртæй кувынц!"

Зарæджы аккаг стæмтæ сты, адæмы цæст та уынаг у. Херсоны 'рдыгæй Гуымецъаты Сослан сæрмагонд æфсæддон операцийæн йæ райдайæнæй нырмæ цал цæф архайæджы скъахта мæлæты дзæмбытæй, цардмæ фæстæмæ цалы раздæхта æмæ бауæндын кодта, уый, æвæццæгæн, йæхæдæг дæр нæ хъуыды кæны. Æрмæст, æхсæвбон нæ зонгæйæ, æххæст кæны, цæмæ бæллыд, уый — æфсæддон дохтыры хæстæ.

“Док”-мæ куы бахауин, зæгъгæ-иу, цæф хæстонтæ куы дзырдтой, уæд Сосланы æмхъæуккаг, Къомайты лæппу йæхимидæг хъуыды кодта, куы йæ фенин уыцы “Док”-ы, цы хуызæн у, зæгъгæ. Уалынмæ, зæгъы, кæсын, æмæ нæхи Сослан æрбацæуы!

Медицинон хайады хицауæн хæстонтæ æмæ йе 'мкусджыты 'хсæн стыр кад ис. Арæхстджын æмæ цыфæнды зын уавæрыл дæр уæлахиз чи кæны, ахæм адæймаг æмæ дохтырæй зонынц не 'мзæххоны. Сидзæр лæппу (йæ фыд Хъазыбег фæндагон фыдбылызы фæмард, чысыл ма куы уыд, уæд) йæ сабибонтæй фæстæмæ тырныдта æфсæддон дохтыр суæвынмæ, уый йын тых лæвæрдта цæлхдурты сæрты хизынмæ, йæ уды сконд æмæ фæлтæрддзинадæй та бузныг сты, мæлæтæй кæй фервæзын кодта, уыцы хæстонты мадæлтæ.

Сослан райгуырд Фыййаджыбылы, Нартыхъæуы астæуккаг скъола каст фæуыны фæстæ ахуыр кæнынмæ бацыд медицинон институтмæ, йæ ахуыр адарддæр кодта Бетъырбухы. Сæххæст цардбæллон лæппуйы бæллиц — ссис æфсæддон дохтыр-травматолог. Скодта бинонтæ, æрхаста Кучиты чызг Дианæйы, у ахуыргæнæг. Хъомыл кæнынц дыууæ кæстæры, чызг æмæ лæппу. Йе 'фсымæр Тамерлан — юрист, хæцы Запорожьейы. Мады зæрдæ сæм куыд не 'хсайы, сæ ныййарæг Фиалæ бæллы хæсты фæудмæ, цæмæй та сабыр цард ралæууа нæ зæххыл. Æхсызгон ын куыд нæ у, Жуковы орденæй хорзæхджын кæй æрцыд æмæ зарæджы аккаг кæй у йæ хъæбул.

Дæлдæр Фатимæ Ногмова æмæ Анзор Сарбашевы зарæг "Нæ хæстон дохтыр"-æй газеткæсæджы размæ хæссæм цалдæр рæнхъы тæлмацгондæй:

Йæ уæлæ куы скæны халат æмæ 'рмкъухтæ,
Цыргъ скальпель куы райсы йæ къухтæм,
гъе уæд,
Йæхиуыл нæ ауæрды, ратдзæн йæ уд дæр,
Нæ хæстонтæй макæйы айса мæлæт.

ХУЫБИАТЫ Ларисæ

Бинонты аз

Лæджы хуыздæр миниуджытæй — хайджын

Адæймаг йæ алы боны цард æмæ архайдæй йæхицæн кадгæнæг дæр æмæ адæмы цæсты æфтауæг дæр у. Кæд æнцон нæ вæййынц хорзы ном райсынмæ фæндæгтæ, уæддæр йæ раст зонд æмæ хъаруйы фæрцы фæзминагæй йæхи равдисы йæ адæмы ‘хсæн. Царды æнцондæр фæндæгтæ агургæйæ, кады бæрзонд къæпхæнмæ схизæн нæй.

Царды бирæ æнæнхъæлæджы фæзилæнтæ ис, рагагъоммæ базонæн дæр æмæ бахынцæн дæр кæмæн ис, ахæмтæ, фæлæ хъуамæ адæймаг архайа сæвзæргæ уавæртæ раст лыг кæнынил. Алы адæймаг дæр йæ ныййарджыты раз хæсджын кæй у, уый алчидæр æнæзонгæ нæу, фæлæ йæ алчи йæ зæрдыл дары, уый та зын зæгъæн у.

Стыр бæрнондзинад, раст ардбахæрæгау, йæ зæрдæйы арфы чи дары, уыдонæй у Æлборты Виталик дæр. Виталик кæд йæ фыдимæ хъомыл кодта, уæддæр йæ ныййарæджы хъарм узæлд кæддæриддæр йæ удыл æнкъардта. Лæппуйæн та, фыды хъомылад сæйрагдæр кæй у, ууыл мад дызæрдыг нæ кодта. Царды лæджы хуыздæр миниуджытыл лæппу хъуамæ йæ фыдыл ахуыр кæна. Сæрæн, ныфсджын, зындзинæдтæй нæ тæрсын, æвæрæз адæймагæн баххуыс кæнын æмæ дзы ныфс бауадзын — ахæм миниуджытæй хъуамæ ифтонг уа, лæджы кадджын ном чи хæссы, уый. Виталик кæддæриддæр йæхи фæзминагæй æвдыста йæ ахуыры рæстæг дæр æмæ йæ куысты дæр абоны онг. Бинонты хъуыддаг кæнын афон куы 'рхæццæ, уæд йæхицæн цардæмбалæн равзæрста уæздан, бонзонгæ, цардæмбарæг Дзампаты Лаурæйы. Стыр кады æмæ арфæйы аккаг сты, Лаурæйæн ахæм хъомылад чи радта, уыцы ныййарджытæ. Уыдон æй сахуыр кодтой хистæрæн кад кæнын, фæкæсинаг адæймагæн лæггад кæнын, бахъуаджы рæстæг ын йæ уды ныфс бауадзын.

Виталик йæ уды хъармдзинад æвгъау никуы кодта йæ ныййарджытæн, фæлæ йæ мады æнæниздзинад цудын райдыдта. Йæ мады æфсымæр Игорæн дæр чысылæй фæстæмæ фидар нæ уыд, æмæ азтæ куыд цыдысты, афтæ та лæмæгъæй-лæмæгъдæр кодта æмæ уæд Виталик йæхицæн хæсыл банымадта — дыууæ æвæрæз адæймагæн сæ цуры уæвын, йæ фыдимæ йæ ахастдзинæдтæ нæ фехалгæйæ. Игорь йæ фыруæздан æмæ æфсæрмæй царды йæ амонд дæр не ссардта. Фæстаг цалдæр азы бынтон слæмæгъ, цæстæй дæр хорз нал уыдта, сæкæрниз ыл афтæ тых кæнын райдыдта. Арæх-иу æй дæргъвæтин рæстæг бахъуыди рынчындоны уæвын. Иунæгæй уадзæн ын нæ уыди, æмæ æппынæдзухдæр Лаурæ уыди йæ уæлхъус. Йæ хæрдыл дæр ын не 'ууæндыди æмæ йæ баулæфтыл дæр. Зилгæ та йæм афтæ кодта, раст цыма йæ гыццыл хъæбул у. Йæ фæлмæн ныхас æмæ зæрдиаг лæггадæй ныфс лæвæрдта низæфхæрд Игорæн. Рынчынтæ дæр æмæиу рынчындоны кусджытæ дæр стыр диссагæн хастой, Лаурæ цы хъару æвдисы, уый. Лаурæ ма йæ æвæллайгæ лæггæдтæй дæр уый æвдисæг у — фыдæй-фыртмæ ирон бинонты 'хсæн нæлгоймаджы ныхасæн аргъгонд куыд хъуамæ цæуа æмæ, кæй номыл æрбакъахдзæф кодта йæ цæрæн хæдзармæ, уый кад фæцудын ма бауадза. Æмæ йæ кадимæ æвдисы йæ алы боны царды æрыгон сылгоймаг, æнцон у æви нæ, уый нæ хынцгæйæ. Тынг рæсугъд сты йæ ахастдзинæдтæ йе 'фсин Зарæимæ дæр. Иуварсæй адæймагмæ афтæ фæкæсы, цыма мад æмæ хъæбул сты. Цы ма уа уымæй стырдæр хорзæх.

Зын ссарæн сты Виталик æмæ Лаурæйы аккаг арфæйы ныхæстæ, фæлæ сæ зæрдиаг лæггæдтæн Стыр Хуыцау арфæгæнæг фæуæд. Сæхæдæг дæр сæ кæстæртæй буц æмæ рæвдыд уæнт! Кæддæриддæр сæ зæрдæтæ цинтæй дзаг уæнт! Нæ Ирыстонæн та мæ зæрдæ зæгъы, ахæм фæзминаг бинонтæ фылдæрæй-фылдæр куыд кæной!

Сыхæгты номæй
ЦÆРУКЪАТЫ Азæ

Кады аккаг

Намыс — уæлахиздзаутæн!

Дзанайты Азанбеджы номыл трансконтиненталон культурон-рухсадон æмæ историон-мемориалон Культурæйы фонд "Кады фæндæгтыл Америкæйæ Азийы онг"-мæ гæсгæ Мæскуыйы Æркуывды хохы Уæлахизы музейы "Кады зал"-ы фыццаг хатт арæзт æрцыд Кады мысæн бон Советон Цæдисы дыууæ хатты Хъæбатыр, Монголы Адæмон Республикæйы Хъæбатыр, æфсады инæлар Плиты Алыксандры фырт Иссæйæн.

Йæ райгуырды 120 азы бон æй байгом кодта, кæй хъæппæрисæй арæзт æрцыд, уый — **Дзанайты Зауыр.** Куыд радзырдта, афтæмæй йын стыр æххуыс бакодта Уæрæсейы Федерацийы Хъахъхъæнынады министры фыццаг хæдивæг, æфсады инæлар **Цæлыккаты Руслан.**

Иссæйы Кады ном æрымысынмæ æрбацыдысты Уæрæсейы Федерацийы Хъахъхъæнынады министрадæй: Генералон инспектор, æфсады инæлар **Владимир Семенов**, Хъæбатырты клубы президент, инæлар-булкъон, Уæрæсейы Хъæбатыр **Владимир Шаманов**, Уæлахизы музейы директоры хæдивæг, вице-адмирал **Федор Смуглин**, Уæрæсейы Федерацийы Æфсæддон разамонджыты клубы уæнг, инæлар-лейтенант **Ходы Алыксандр**, Уæрæсейы Федерацийы Советы æмæ Паддзахадон Думæйы уæнгтæ **Мамсыраты Таймураз, Тайсауты Хъазыбег, Таймазты Артур, Мæхъиты Зураб**, Республикæ Хуссар Ирыстоны фæсарæйнаг хъуыддæгты министр **Джиоты Æхсар**, Мæскуыйы ирæтты æхсæнады советы сæрдар **Абайты Алан**.



Иссæйы мысæн Кады бонмæ æрбацыдысты йæ бирæ æмзæххонтæ æмæ уазджытæ, семæ Мæскуыйы 1234-æм скъолайы ахуырдзаутæ дæр. Уыдон 18 октябры се скъолайы сбæрæг кодтой йæ номхæссæг Советон Цæдисы Хъæбатыр Мамсыраты Хаджумары 120 азы.

Кадджын мысæн боны архайджытæн Дзанайты Зауыр сæ зæрдыл æрлæууын кодта, фонды проектты Плиты Иссæйы ном кæй ахсы сæйрагдæр бынат. Фонды хъæппæрисæй 2016 азæй фæстæмæ горæтты рæсугъддæртæй иу — Даляны (Цæгатаг Гонконг) Æнæмæлгæ полчъы рæнхъыты рахæссынц Плиты Иссæйы портрет, Хъæбатыры цыртдзæвæнтæ æвæрд æрцыдысты сæйраг горæттæ Монголы Улан-Баторы (2017 азы) æмæ Кубæйы — Гаванæйы (2020 азы), 2020 азы номдзыд æфсадхоны ном лæвæрд æрцыд Улан-Баторы 49-æм скъолайæн.

2021 азы Плиты Иссæйы бюст æвæрд æрцыд Уæлахизы музейы карз тохтæ æвдисæг нывтæ "Битва за Сталинград" æмæ "Контрнаступление под Москвой"-ы фарсмæ. Ацы аз номдзыд хъæбатыры цыртдзæвæнтæ æвæрд æрцæудзысты Китайы Адæмон Республикæйы горæт Чжанцзякоу æмæ Улан-Баторы Иссæйы номхæссæг 49-æм скъолайы кæрты.

Уæлдай зæрдиагдæрæй Дзанайты Зауыр æрымысыд, ацы дунеон проект кæимæ райдыдта æмæ цардхъуагæй йе 'нусон бæстæмæ чи ацыд, уыдоны: Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт нывгæнæг Тауаситы Станислав, Уæрæсейы Федерацийы Хицауады паддзахадон премийы лауреат Дзанæгаты Зауырбег, æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад "Гранит-Ир"-ы генералон директор Биазырты Георгийы рухс нæмттæ. Абон йе сфæлдыстадон цæхæр ирдæй кæмæн зыны, Ирыстоны уыцы зындгонд скульптортæ Хайты Ибрагим æмæ Дзбойты Арсены, стæй ирон адæмы æндæр патриотты.

Кады мысæн боны архайджытæн равдыстой тележурналист **Рæмонаты Ларисæйы** документалон киноныв Плиты Иссæйы тыххæй, сæ зæрдыл сын æрлæууын кодтой, РЦИ-Аланийы Архивон службæйы разамонæг **Тебиаты Еленæ**, РЦИ-Аланийы Национ музейы раздæры директор **Къубалты Валерийы** фæрцы "Уæлахизы музейы" фондтæ зынгæ кæй фæхъæздыгдæр сты Иссæйы автобиографийы гæххæттытæй, йæ хæстон фæндæгтыл дзурæг кинонывтæ æмæ къамтæй. Музейы фонды ис æмæ уыцы бон равдыстой УСФСР-йы адæмон нывгæнæг Дзанайты Азанбеджы ныв "Уæлахиздзау" — Плиты Иссæ. Музейæн æй 1996 азы "Ирыстоны бонтæ Мæскуыйы" бæрæгбоны рæстæг балæвар кодта РЦИ-Аланийы Президент Галазты Æхсарбег.

Кады мысæн боны архайджытæ сæ раныхæсты дзырдтой Плиты Иссæйы æфсадхон курдиат, хæстон æнтыстытæ, йæ зæрдæнкъараг ахаст йæ хæстон æмбæлттæм æмæ къæрцхъусдзинады тыххæй. Уыцы Кады боны архайджытæн, сæрмагондæй Дзанайты Азанбеджы Культурæйы фонд æмæ йæ разамонæг Дзанайты Зауыры номыл зæрдæбын арфæтæ æрбарвыстой Уæрæсейы Федерацийы Æххæстбарджын минæвæрттæ Кубæйæ — **Андрей Гуськов** æмæ Монголийæ — **Алексей Евсиков.**

Дзанайты Зауыр куыд нымайы, афтæмæй хорз уаид, Ирыстонæй рацæугæ номдзыд адæмæй Уæлахизы Музейы къултыл сыгъзæринæй кæй нæмттæ фыст æрцыдысты, уыдоны мысынæн республикæйы министрадтæ æмæ ведомствæтæ куы снысан кæниккой æмæ куы аразиккой бæстæйы сæйрагдæр "Кады зал"-ы рухс мысæн бонтæ, цæмæй фидардæр кæна алы адæмты ‘хсæн æнгомдзинад æмæ фæлтæрты бастдзинад.

САУИТЫ Будзи

Проект

Æнтыстджын куыстæн

Национ проектты тыххæй йæ хъуыдытæ дзуры Уæрæсейы Федерацийы Президенты цур Паддзахадон службæ æмæ адæмон хæдзарады уæрæсейаг наукæты академийы филиал Цæгат Кавказы институты профессор-эксперт Светланæ АЛИЕВА:

— Проект "Фæллойы ахадæн"-ы ахсджиагдæр здæхт у национ нысан "Æнтыстджын амалиуæгад æмæ ахадгæ аккаг куыст"-мæ. Фæллойы ахадæн фылдæр кæныны фæрцы фæстауæрцгонд цæуы куысты рæстæг æмæ къаддæргонд цæуы продукци рауадзыны куысты бæрцуат, æндæр хуызы зæгъгæйæ та, куыстуат уадзы фылдæр продукци, раздæр цы æрмæджытæ æмæ адæмы фæрæзтæй пайда кодта, уыдонæй ныр исы фылдæр æфтиаг.

Афтæ зыны, уымæй хуыздæр ма цы ис, кусджыты фæллоймæ тырнынад фæхуыздæр кæн æмæ мæнæ дæ разы — фæфылдæргонд фæллойы ахадæн. Фæлæ, æрмæст кусджыты æргом раздахын æппындæр фаг нæу, цыфæнды зæрдæмæдзæугæ куы зына, уæддæр. Адæймагон æмæ материалон фæрæзтæй хорз пайда кæныны тыххæй ма æнæмæнг хъæуы фæллойы хæрзвадат саразын, куысты дæсныйады фæлтæртæ райрæзын кæнын, сæйраг куыстадон фæрæзтæ рацаразын æмæ афтæ дарддæр. Иугæр технологитæ куы базæронд уой, ифтонггæрзтæ куы баихсийой, хæрзхъæд хомаг æмæ æрмæджытæй пайдагонд куы нæ цæуа, кусæг тыхтæ фаг куы нæ кæной, уæд фæллойы ахадæн дæр уыдзæн ныллæг.

Зындгонд ахуыргонд экономисттæ Е.М.Бухвальд æмæ О.Б.Иванов раст бацамыдтой: "Ацы национ проекты райхалинаг фарста ис уый мидæг, æмæ дзы нæй, инвестицион æмæ инновацион политикæйау, паддзахады экономикон политикæмæ арæзт коммæ корреспонденцитæ". Уымæ гæсгæ Уæрæсейы Федерацийы капиталæвæрды разæнгардгæнæнтæ æмæ фæллойы ахадæнтæ хъахъхъæныны департаменты тыхтæ арæзт сты нацпроект "Фæллойы ахадæн"-æн инфраструктурæ саразынмæ. Уый фадат ратдзæн райхалинаг фарста чысыл фæрогдæр кæнынæн. Мæнæ, федералон хъуыддагзонæг центры æмæ регионты хъуыддагзонæг центрты специалисттæ цы фæндæттæ хæссынц, уыдонæй цалдæр: арæхстджын куыстад байгом кæнын, разамынды системæ фæхуыздæр кæнын, товартæ сæ рауадзын, сæ хъахъхъæнын æмæ сæ бынатмæ фæхæццæ кæныны хæрдзтæ фæкъаддæр кæнын æмæ афтæ дарддæр.

Уæрæсейы Федерацийы Капиталæвæрды разæнгардгæнæнтæ æмæ фæллойы ахадæнтæ хъахъхъæныны департамент амоны, зæгъгæ, нырыдæгæн национ проектты архайы 5000 куыстуатæй фылдæр. Алы ран дæр дзы цæуы куыстады хуызæг, кусджытæй арæзт цæуы командæтæ ивддзинæдтæ бахæссынæн æмæ дарддæр сæхи барæй кусынмæ куыд арæхсой, уымæн. Уыцы иу рæстæг æххæстгонд цæуы дæсныйад фæхуыздæр кæныны проект "Ахадæны раззагдæртæ", уымæ гæсгæ арæзт цæуынц кадртæ цæттæ кæныны программæтæ, професион дæсныйады конкурстæ, стæй ма сног кæнын хъæуы рационализаторты змæлд.

Нæ разагъды лæгтæ

“Мæ уд мысайнагæн æвæрын...”

Зындгонд куыд у, афтæмæй æрæджы нæ газеты шеф-редактор — поэт, публицист æмæ æхсæнадон архайæг Касаты Батрадзæн йæ равзæрст уацмысты чиныг ”Уды дзæнгæрджытæ”-йы тыххæй лæвæрд æрцыд Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреаты ном ”Литературæйы къабазы”. Куыд паддзахадон къамисы уæнг, афтæ мын раздæр фадат нæ уыд мæ хъуыдытæ зæгъынмæ. Фæлæ ныр баххæст кæнынмæ хъавын уыцы къахыр. Æмæ йын йæ хуыздæр æмдзæвгæтæй иу — ”Кæйдæртау æз уæлбæх цардæй нæ цæрын”-ы фæдыл уæ тæрхонмæ хæссын мæ развæлгъау хатдзæгтæ.

*Кæйдæртау æз **уæлбæх цардæй** нæ цæрын,*
*Мæ хъуыддæгтæ **нымæт ехсæй** нæ рæзынц,*
Мæ фæндæгтыл мын байтауынц хæрæгсындз,
Уæддæр мæ уд мысайнагæн æвæрын.

Куы сфæлмæцын мæ цард æмæ мæ рардæй,
Ыстыхсын æз, куы нæ мæ 'мбарынц, уæд.
Ныссуйтæ кæнынц, амарынц мæ фæнд,
*Фæлæ та **рухс тых** раивылы дардæй.*

*Сыгъдоны **норст цæхæр** æвзаргæ,*
Цæуын куыстдзагъд лæгау рыстæй.
*Мæн тоны **сайды тых** рæстæй,*
Уæддæр та алæгæрдын заргæ.

*Кæйдæртау æз **уæлбæх цардæй** нæ цæрын,*
*Мæ хъуыддæгтæ **нымæт ехсæй** нæ рæзынц,*
Мæ фæндæгтыл мын байтауынц хæрæгсындз,
Уæддæр мæ уд мысайнагæн æвæрын.

Ацы уацæн сæргонд чи сси **("Мæ уд мысайнагæн æвæрын...")**, уыцы рæнхъ ист у Касаты Батрадзы æнæном æмдзæвгæ "Кæйдæртау æз уæлбæх цардæй нæ цæрын"-æй. Поэты уацмысы сæйраг хъуыды дзы æвæрд æрцыд æхххæстæй. Уыимæ, кæсджытæ афтæ дæр фæзæгъынц, кæд, дам, адæмон æмбисондæй ист у. Суанг ма мæн дæр сдызæрдыг кодтой: æмбисæндты цалдæр æмбырдгондмæ лæмбынæг æркастæн, фæлæ дзы ахæмæй ницы ссардтон. Æмæ, æвæццæгæн, авторæн уымæй хуыздæр бузныгады ныхас зын ссарæн у.

Æнæном æмдзæвгæ кæд фыст æрцыд, уый тексты бынмæ нысангонд нæу, мыхуыргонд та æрцыд чиныг "Удцырагъ"-ы фæрстыл 2008 азы. Фæлæ фыццаг бакастæй адæймаджы зæрдæйы æхсæн тыхджын æнкъарæнтæ сæвзæрын кæны, цыма æнусы размæ фыст æрцыд, раст уый хуызæн. Мæнмæ гæсгæ, Батрадзы æмдзæвгæтæ чиныгкæсджытæй куы ферох уой, уæддæр ацы æмдзæвгæйы хъуыдыйæн йæ сатæг азæлд никуы фесæфдзæн рæстæджы тыгъдады. Национ литературон процессы Касайы-фырт йæ фæлтæры æхсæн нымад цæуы хæрзæгъдауджын поэтыл. Уымæн æмæ у, уыцы иу рæстæг, ныхас æмæ хъуыддаджы æмиуад кæй удыл атылд, ахæм адæймаг. Хистæр кары фысджытæ дæр уыл разы сты, фæлæ ма йæм бафтауынц: æвдай азмæ æгæр чысыл ныффыста. Кæмдæр раст сты, кæмдæр та — нæ! Уымæн æмæ Георгийы фыртæн, æмдзæвгæ фысгæ, йемæ æмдзу кæны цæрæццаг хъуыды æмæ йын йæ уацмыстæ афтæ нывæнды, цыма сæ йæ фæстаг чиныгмæ хæссынвæнд кæны, уыйау.

Ныхас дæр ыл нæй: ахæм зæрдæйыуагыл фыссын сæ бон у æвзæрст стихамайджытæн. Гъе уымæ гæсгæ нæ хæдбындур автор кæд бирæ нæ фыссы, уæддæр æй йæ рæнхъыты тыххæй æфсæрмы кæнын никуы бахъуыд. Æмæ æдзух дæр иузæрдион у йæ уазнысан хъуыдыйæн: **"Мæ уд мысайнагæн æвæрын..."** Уымæн æмæ уый "кæйдæртау уæлбæх цардæй нæ цæры, / Йæ хъуыддæгтæ нымæт ехсæй нæ рæзынц, / Йæ фæндæгтыл ын байтауынц хæрæгсындз, / Уæддæр йæ уд мысайнагæн æвæры". Ацы скъуыддзаджы алы мырæй дæр Батрадзæн, куыд Ирыстоны иузæрдион хъæбулæн, йæ бон æндæр хуызы цæрын нæу. Чиныгкæсæг дæр авторы фæстæ ахизы ацы æнкъарæнты фæрсудзæнтыл, æмæ йæ ноджы тынгдæр бауырны: ирон лæгæй, ирон поэтæй лæгдзинады, нывондады кой чи кæны, уымæн йæ рæнхъытæ дæр, æнæмæнг, баст сты Фыдызæххы ахсджиагдæр фарстытимæ. Касаты лæппуимæ иунæг хатт зæрдæйæ-зæрдæмæ чи аныхас кæна, уый дæр ацы хатдзæгыл дыууæ нал зæгъдзæн. Æз Батрадзимæ базонгæ дæн ивгъуыд æнусы æстайæм азты. Уæдæй нырмæ Терчы уылæнтæ бирæ дон ахастой Хъаспы денджызмæ, фæлæ нæ аивта мæ хъуыды "Удцырагъ"-ы авторы тыххæй.

Батрадз — хуымæтæг адæймаг, радио, телеуынынад, "Рæстдзинад"-ы уацхæссæг, республикæйы Парламенты бæрнон кусæг — алыран дæр уыдис иугъæдон, хæдæфсарм æмæ æууæнкджын. Кæй зæгъын æй хъæуы, ахæм поэты уацмыстæ æвзарын цыфæнды иртасæгæн дæр банымайæн ис йæ ахсджиаг хæсыл. Ацы æмдзæвгæйы дæр адæймаг хуымæтæджы не 'мбæлы, удмæ хæстæг чи лæууы, ахæм раззонд сагъæстыл. Æмæ ахæм чиныгкæсджытæ Ирыстоны чысыл нæй. Батрадзæн йæхи чиныгкæсæг кæй ис, уый абон не сбæрæг. Алы фæлтæры дæр, æнæмæнгæй, разындзæн, уæлгинскæйаг лæппу æхцонад кæмæн хæссы, ахæм зæрдæтæ. Уыдонæн хæссы курдиатджын автор "йæ уд мысайнагæн". Уыцы иу рæстæг йе 'мдзæвгæйы бæрзонд хъуыды "кæйдæртæн" зæлы ныстуаны хуызæн:

Куы сфæлмæцын мæ цард æмæ мæ рардæй,
Ыстыхсын æз, куы нæ мæ 'мбарынц, уæд.
Ныссуйтæ кæнынц, амарынц мæ фæнд,
Фæлæ та рухс тых раивылы дардæй.

Цард куыд равдыста, уымæ гæсгæ поэт раст уыдис, æмæ ныр къорд азы фæстæ йæ ныхæстæ зæлынц ноджы уырнинагдæрæй. Абон нæ царды æцæгдзинады бирæ ивддзинæдтæ æрцыдис (барады, базарады, æхсæндзарды, цардарæзты), фæлæ уымæй нæ иубæстонты уавæр нæ фæхуыздæр. Ног ирæттæ раздæр партийы бодзты раз сæрныллæгæй лæууыдысты, ныр та — аргъуанты сауджынты уæлхъус сойын цырæгътимæ, цæмæй сын сæ "тæригъæдтæ" сисой, уый тыххæй. Бæргæ, тæригъæдтæ афтæ "исгæ" куы уаиккой, уæд зæххыл иууылдæр Хуыцаусконд адæм цæриккой. Фæлæ цард бирæ вазыгджындæр у бæллынады сæнттæй. Поэты къухы æнтыстытæ кæй æфты, уый иутæн æнцонад хæссы, иннæтæн та — æппæрццæг æнкъарынад. Лирикон хъайтар куы "сфæлмæцы йæ цард æмæ йæ рардæй", куы стыхсы, чи йæ не 'мбары, йæ "фæнд ын чи суйтæ кæны æмæ мары", саузæрдæты ахастæй, рохсты уавæры куы бахауы, уæд æм æхххуысмæ "рухс тых раивылы дардæй".

"Рухс тых" — рæстдзинад — æнæрлæугæ хæссы цардхъомыс поэты удварны тыгъдадмæ. Æмæ дзы уæлтæмæнады норст цæхæр куы сфæйлауы, уæд поэт-лирикон хъайтар йæхицæн бынат нал фæары — æмдзæвгæйы мидис ыл фæтых вæййы. Сæрнывонддад Касайы-фырты уацмысæн хæссы рæстæджы арæнты сæрты хизыны хъомыс. Гъе уымæ гæсгæ йæ поэтикон сфæлдыстад цæхгæр хицæн кæны йе 'мсис цахъхъæнты фæлтæрддзинадæй. Поэт **"йæ уд мысайнагæн кæй æвæры"**, уый схонæн ис бæрзонд куывд ирон лæджы сæрвæлтау. Батрадз-поэт æмæ Батрадз-адæймаджы æхсæн цы арæн ис, уым мах ссарæм йе сфæлдыстады ахадындзинады райдиан: реалон рæстæгæй гуыры реалон сфæлдыстад. Цалынмæ стихамайæг чиныгкæсæгимæ ныхас кæнын фæраза, уæдмæ дзы уæлмонц тæлмæнтæ нæ фæхицæн уыдзысты. Поэт хъуамæ фыдызæхх уарза канд бæрæгбоны фынгыл нæ, фæлæ цард æмæ мæлæты æхсæн дæр:

Сыгъдоны норст цæхæр æвзаргæ,
Цæуын куыстдзагъд лæгау рыстæй.
Мæн тоны сайды тых рæстæй,
Уæддæр та алæгæрдын заргæ.

Æрхаст рæнхъыты нæ цæст æрхæцы дыууæ дзырдбастыл: "норст цæхæр" (фыццаг рæнхъы) æмæ "сайды тых"-ыл (æртыккаг рæнхъы). Раст у поэт: æмдзæвгæйæ уды хъарм куы нæ цæуа, уæд йæ узæлд зæрдæмæ нæ хæццæ кæны. Удварны хъуырдухæнты чи райгуыра, уый, æнæмæнг, араст вæййы уазнысан агурæг. Йæ размæ хæдæгъдауæй сысты æвзарыны фæндаг. Фæлæ цалынмæ ууыл нæ ныхас нæма райдыдта, уæдмæ уал зæгъæм "норст цæхæры" тыххæй. Уый у вазыгджын æмæ уагæвæрдон метафорæ (ацы аивадон мадзалæй автор арæх пайда кæны, фæлæ йын æппæты ирддæрæй йæхи базонын кодта ацы уацмысы). Реалон æмæ уазнысанон уавæры æхсæн бацæугæйæ, сурæты ранывæст æрдзон хуызы схизы цæстуынгæ æмвæзадмæ. Стæй "куыстдзагъд лæг" рыстæй кæд тарст?! Уый афтæ у, фæлæ йын "сайды тых" (дыккаг метафорæ) æнцойад нæ дæтты — æнæвгъау æй "тоны рæстæй". Зæххон удыхъæд æмæ йæ удылхæцæджы æхсæн дæр, æвæццæгæн, цыдæр æрвон бастдзинад ис. Æмæ йын уый йæ цардхъомысы тыхты сысын нæ уадзы, æндæр ма размæ куыд "алæгæрды заргæ". Ам, мæнмæ гæсгæ, бацамонын хъæуы, поэт-лирикон хъайтары зондахасты, йæ дунеæмбарынады "фаззон уынынад" кæй цæры, уый. Ардыгæй райдайы йæ рахиз-бахиз æрвылбоны цардæй æрвон дунемæ. Æнусон æмбарынады хæстæгдзинад авторæн фадат дæтты адæймаджы уæвынад дыууæ хуызы æвдисынмæ: иуæрдыгæй мах уынæм ныхмæвæрд, фæлæ рæстдзæвин уæвынад, иннæрдыгæй та — æлвæст хатдзæгты афæлгæст, кæронбæттæн хъуыдыйы арæн. Сæрмагондæй йæ бацамонæм: нæ абоны поэттæй алкæйы бон нæу "дывæргонд" дунеæнкъарынадæй цард æвдисын, уыимæ афтæ цымыдисагæй:

*Кæйдæртау æз **уæлбæх цардæй** нæ цæрын,*
*Мæ хъуыддæгтæ **нымæт ехсæй** нæ рæзынц,*
Мæ фæндæгтыл мын байтауынц хæрæгсындз,
Уæддæр мæ уд мысайнагæн æвæрын.

Ахæм поэтикон уынынад авторæн фадат дæтты йæ зæххон хъизæмарæн бæрзонд хъуыды дæттынмæ. Чырыстиау **"йæ уд мысайнагæн кæй æвæры"**, уый йын æхххæстæй æвдисы, йæ сæрнывонд зæрдæйæ кæй цæуы, уыцы рæстдзинад. Æрмæстдæр уый фæрцы бантыст йæ къухы сыгъдæг уды уазнысан сбæрзонд кæнын. Ацы æмдзæвгæ куыд равдыста, уымæ гæсгæ йæ фæндыр — йæ музæйы азæлд — цæуы адæмы зæрдæйæ æмæ æрдзон хуызы дзыллæйы удыскондмæ дæр уымæн æрыздæхы. Уый у поэты монон цæстæнгас сæрнывондæн иумæйаг хорздзинады тыххæй. Йæ лирикон хъайтар, стæй, цы уазнысанмæ тырны, уыдон гуырынц монады суадонæй. Уый уымæн афтæ рауайы, æмæ Касайы-фыртæн ис йæхи дин, æууæнк, цард æмæ дунейы æмбарынад. Уый та нысан кæны, йæхæдæг дæр романтикон æмæ æцæг поэт кæй у, уыцы æцæгдзинад. Æцæг нывгæнæг уæвгæйæ, Батрадз нывæнды, ныхасы рæстдзинадæн удæй чи лæггад кæны, ахæм æцæг ироны сурæт.

ХОЗИТЫ Барис

Адæмон сфæлдыстад

Хоргалм

Иу хатт, раджы кæддæр, уызын хоргалммæ курæг æрбацыд, рæстæгмæ мæ дæ хæдзары цæрын бауадз, зæгъгæ. Хоргалм сразы. Уызын хæдзайраг ссис, æмæ уæдæй фæстæмæ хоргалмы лæппынтæ сæхицæн бынат нал ардтой — уызыны судзинтæ сæ хъыгдардтой æппынæдзух. Уæд хоргалм загъта уызынæн:

— Æз дæ ардæм æрбауагътон рæстæгмæ. Ныр дæ судзинтæй мæ лæппынты бон нал у, æмæ дæ курын, цæмæй ардыгæй ацæуай.

Уызын загъта:

— Кæд искæмæй исты риссы, уæд ацæуæд, мæнæн ам дæр æвзæр нæу.

Ахуд æмæ фылдæр фæцæрай

Куыдзæй загътон

Чæтко райсомæй Фатъийы дуармæ æрлæууыд æмæ зæронд усимæ ныхæстыл схæцыд. Ныр куыдз сæ разы æмæ та лæгыл срæйы...

— Ацу мидæмæ! — дзуры зæронд ус йæ куыдзмæ.

— Бæгуы ацæудзынæн... Кæд дæм иу арахъхъ дæр разынид, — загъта Чæтко æмæ мидæмæ атындзыдта...

— Фæлæуу, мæнæ куыдзæй загътон! — дзуры ма йæ фæстæ Фатъи, фæлæ уæдмæ Чæтко тыргъæй фæмидæг.

Судзины фындзæй

— Нана! Уæ нана! Судзин æмæ æндахимæ та куыд у дæ чындз? Исты арæхсы?

— Хæрзæмбисонд у судзинимæ!.. Мæ цæстытæм мын æй æрбахæссы, афтæ, дам, дын дзы дæ гагуытæ азмæнтдзынæн...

Къуымбилы куыст

— Нана! Уæ нана! Къуымбилы куыстмæ та куыд у дæ чындз?

— Æлвисынмæ куыд у, уый нæ зонын. Фæлæ пирынмæ... Дæ балгъитæг дæр афтæ! Куы 'рбамæсты вæййы, уæд зæгъдзæн, афтæ, дам, дæ апирдзынæн!..

Рухс

Макъарæн иу изæр йæ фыд æрбарынчын:

— Ахсæв мæм Удхæссæг зындзæни... Фæлæ мæ талынджы кæд не ссарид!.. — æмæ цырагъ ахуыссын кодта.

— Хъус-ма, баба! Æмæ Удхæссæг дæу æнхъæлæй мæнмæ куы 'рбарæдийа, уæд та? — загъта Макъар æмæ фæстæмæ рухс ссыгъта...

ХЪÆУЫРАТЫ Дауыр
Заманхъул

Нæ риссаг фарста

Æмбæхст хæзнаты дæгъæл — мадæлон æвзаг

Æрæджы республикæйы мыхуыры фæрæзты фæзынд Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд ”Иры Стыр Ныхас”-ы Сидт. Уым ирон адæмы æвзæрст куырыхон лæгтæ сидынц хистæртæ æмæ кæстæртæм, æппæт Ирыстоны цæрджытæм, æппæт Уæрæсейы Федерацийы, стæй фæсарæнты цæрæг адæммæ, цæмæй хъахъхъæд æрцæуа нæ мадæлон æвзаг, нæ иумæйагдзинад. Уый фæдыл сæ хъуыдытæ зæгъынц æхсæнадон змæлды координацион советы уæнгтæ МОРГУАТЫ Эдислав æмæ КЪУБАЛТЫ Солтан:

КЪУБАЛТЫ Солтан



МОРГУАТЫ Эдислав

М.Э.: Æргом ныхасы къæм нæй, фæзæгъынц. Акæсæм-ма: абоны фæсивæдæй бирæтæ нæ райстой нæдæр фыдæлты фарнæй хай, нæдæр æгъдау, нæдæр мадæлон æвзаджы стыр хъомыс. Мæ хъустыл уайы кæйдæрты фарст — цæуылнæ? Уымæн æмæ уæлдæр ранымад хорзæхтæй бирæ хистæртæ сæхæдæг дæр вæййынц цух. Аххос цæй мидæг ис, зæгъгæ, исчи куы бафæрса, уæд уымæн дæттын дзуапп: нæ бæстæйы хицауады аххосæй ивгъуыд æнусы 60-70-æм азты нæ къух ауыгътам нæ мадæлон æвзагыл. Уæды рæстæджы чи схъомыл, уыцы фæлтæры минæвæрттæй бирæтæ нæ фæхъæстæ сты уæлдæр ранымад хæзнатæй, не сты Фарн æмæ Æгъдау хæссæг. Айгъай, дæхимæ цы нæ уа, уымæй куыд хъуамæ фæхай кæнай дæ кæстæртæн.

Къ.С.: Ирон Æгъдау æмæ Фарн хæссæг, фыццаджыдæр, мадæлон æвзаг кæй у, уый, æцæгæйдæр, дызæрдыггаг нæу. Иу хатт ма нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм нæ куырыхон зындгонд ахуыргонд **Абайты Васойы** ныхæстæ: "Национ хи 'мбарынад æнæскъуыйгæйæ баст у национ æвзагимæ. Мадæлон æвзаджы мæлæт адæмы, æнæмæнг, æркæны сæфтмæ". Хуыздæр зæгъæн нæй. Цымæ уæдæ цы æмæ кæй зондæй архайынц мингай ирон ныййарджытæ, цæмæй рæзгæ фæлтæр æнæхай фæуа, æппæт дунейы ахуыргæндтæ дис кæуыл кæнынц, уыцы æнусты арфæй æрцæуæг æвзагæй? Цы сæ рауайдзæн нæ кæстæртæй? Æвæццæгæн, уырыс куыд фæзæгъынц: "Иваны, не помнящие родства".

М.Э.: Æвзаг æгъдаухæссæг кæй у, уый нæ куырыхон хистæртæй бирæтæ амонынц ирон фæсивæдæн. Фæлæ цы фадат хъæуы, цæмæй, зæйцæуæгау, Интернет æмæ фæсарæйнаг киноты фæрцы цы æнæуаг митæ кæлынц нæ кæстæртыл æхсæвæй-бонæй, уыдон бауыромынæн? Дызæрдыггаг нæу, уый, фыццаджыдæр, ныййарджыты азым кæй у. Уыдон сæхæдæг хъуамæ дæнцæг уой сæ хъæбултæн, уымæн æмæ æгъдау канд ныхæстæ не сты. Хъуамæ мах, хистæртæ, адæмы раз ма уæм æнæуаг, æнæгъдау, нæхи хъахъхъæнæм фыдностæй фынджы уæлхъус. Афтæ куы уа, уæд нæм кæстæртæ дæр хъусдзысты, нæ ныхасæн аргъ кæндзысты.

Къ.С.: Разы дæн демæ. Æвзаг æмæ æгъдауæн æнæ кæрæдзи цæрæн нæй. Фæлæ, хъыгагæн, ис ахæмтæ дæр, иронау чи дзуры, афтæмæй æгъдау кæмæ нæй. Бирæтæм афтæ кæсы, цыма мадæлон æвзаг æрмæст дзурынæн æмæ дзурæджы æмбарынæн у. Уыдон раст не сты. Цæгат Ирыстоны адæмон поэт, ирон дзырды дæсны **Кокайты Тотрадзмæ** кæддæр ахæм рæнхъытæ бакастæн: "... Абоны ныййарджытæ сæ цоты æмæ цоты цоты радав-бадав кæнынц кафджытæ, зарæггæнджытæ æмæ фæндырдзæгъдджыты къордтæм. Диссаг уый у, æмæ сæ ирон æвзаджы уроктæй фелвасынц æмæ сæ уыцы къордты цингæнгæйæ фæмидæг кæнынц... Мæ бар куы уаид, уæд абон æз афтæ бакæнин: кафджыты æмæ фæндырдзæгъдджыты къордтæм, фыццаджыдæр, исин, иронау хорз чи дзуры, уыдоны. Алы къордмæ дæр æрбахонин ирон æвзаджы дæсны ахуыргæнæджы æмæ-иу кафыны размæ ирон æвзаджы урок скæнид. Уый фæстæ каф, зар, цæгъд фæндырæй, цас дæ фæнды, уыйбæрц!"

М.Э.: Бирæ фæцæрæд Тотрадз, йе ‘мдзæвгæтыл цы зарджытæ арæзт æрцыд, уыдонæн сæ фылдæр систы адæмон. Æмæ сæм Ирыстоны дыууæ хайы цæрджытæ зæрдиагæй хъусынц. Стыр хъыгагæн, сбирæ сты, иронау æнæуд æмæ аслам зарджытæ чи фыссы, хъыллист-мыллист музыкæ сын чи ацæттæ кæны æмæ сæ тыхивæзт хъæлæсæй чи фæзары, ахæмтæ. Уыдон фæсивæдæн **Чеджемты Æхсар, Кокайты Тотрадз, Бæцæзаты Юри** æмæ **Гæздæнты Булатæй** зындгонддæр сты. Уымæн æмæ аслам аивад æнцондæр æмбарæн у. Афтæ мачи банхъæлæд, æмæ ацы рæнхъытæ мах нæхи равдисыны тыххæй фыссæм. Сусæггаг нæу: ирон газет чи кæсы, уый ирон æвзаг зоны. Мах уыдонимæ кæрæдзийæн нæ мæгуыры хъæстытæ нæ кæнæм. Фæнды нæ, цæмæй уыдон сæ кæстæрты дæр ирон æвзагыл фæцалх кæной, бинонты 'хсæн дзурой сæ мадæлон æвзагыл, хъомыл сæ кæной нæ фыдæлты Æгъдау æмæ Фарныл. Æмæ ма иу хъуыды: ныййарджытæ æмæ ахуыргæнджытæ сывæллонæн цасфæнды куы хъарой ирон æвзаг, уæддæр æй нæ бауарздзæн, цалынмæ йæ цардхъом æмæ куыстхъомæй фена, уæдмæ. Нæ кæстæртæ сæ алфамбылай ирон æвзаг куы никæмæй хъусой, ирон чингуытæ куы нæ кæсой, бæрзонд къæлæтджынты бадджытæ иронау куы нæ дзурой æмæ фыссой, дуканиты æмæ уагдæтты нæмттæ абонау фæсарæйнаг æвзагыл фыст куы уой, уæд куыд бауарзой не 'взаг?

Къ.С.: Кæддæр ма демæ ныхас кодтам хъомылады фарстатыл. Уацхъуыд газеты куы рацыд, уæд мын иу ныййарæг (газет ма чи кæсы, уыдонæй иу) афтæ зæгъы: "Мæ саби куы байрæза, уæд æй райдайдзынæн хъомыл кæнын". Мах дæр дæуимæ дæс æмæ дыууиссæдз азæй фылдæры размæ райстам ахуыргæнæджы дæснылад. Куыд нын амыдтой уæлдæр скъолайы, афтæмæй сывæллоны хъомыл кæнын райдайын хъæуы йæ райгуырдæй фæстæмæ. Уæлдæр сдзырдтам Кокайты Тотрадзыл. Уый, журналист **Цгъойты Хазбиимæ** ныхас кæнгæйæ, афтæ загъта: "Сывæллоны йæ райгуырдæй фæстæмæ хъомыл кæнын кæй хъæуы, уый нæ фыдæлтæ хорз зыдтой, суанг ма-иу дæсаздзыд лæппуйæн цæвæг дæр æрцæттæ кодтой хосгæрдæнтæм, иннæ кусæн дзаумæттыл куы нæ дзурæм, уæд. Абоны сæрзилæдджджын дуджы ныййарджытæ техникон фæрæзтæн сæхæдæг уыйбæрц ницы зонынц æмæ сæм афтæ кæсы, йæ сывæллон компьютеримæ куы архайа æхсæвæй-бонæй, уæд уый хорз у. Фæлæ уыцы компьютер сабийæн фылдæр зиан кæй хæссы, уæлдайдæр йе 'нæниздзинадæн, уый йæ зонд нæ ахсы. Сывæллон компьютерæй раст куы нæ пайда кæна, уæд æй зыгъуыммæ фæндагыл асайдзæн, æмæ йæ уый фæстæ Бæрзондылбадæг дæр нал раздахдзæн раст фæндагмæ..." ("Рæстдзинад", №208, 2016 азы джеоргуыбайы мæйы 10 бон).

М.Э.: Æз дæр бакастæн уыцы уацхъуыд, æмæ мæ зæрдæмæ тынг фæцыдысты Тотрадзы хъуыдытæ, уæлдайдæр, **Быгъуылты Къолайы** фыстытæй цы дæнцæг æрхаста, уый: "Знон дæр ма æфсæрмы цæмæй кодтам, уый абон зарын райдыдтам, æмæ райсом фæсмон нæ кæндзыстæм?" Кокайы-фырты загъдау: "Уыцы ныхæстæ стыр дамгъæтæй ныффыссын хъæуы радио æмæ телеуынады бæстыхайы сæрмæ. Фæлæ, дам, уый цензурæ у... Мæнмæ гæсгæ та уый цензурæ нæу, фæлæ æвзаг бахъахъхъæныны мадзал..."

...Кæронбæттæны нæ зæгъын фæнды: "Иры Стыр Ныхас" сиды æппæт ирон адæммæ, цæмæй сæфын ма бауадзæм, нæ фыдæлтæ нын хорзæй цы ныууагътой, уыдон — æвзаг, æгъдау, æфсарм æмæ рæсугъд фæтк. Сæйраг хæс у уыцы хæзнатæ рæсугъдæй нæ кæстæрты къухтæм раттын, уыдоны бындурыл хъомыладон куыст аразын.

Спортивон фидиуæг

Хъæбысхæст

Хорз рауад богæлттæн сæ архайд

Дзæуджыхъæуы Хъуылаты Базийы номыл Спортивон галуаны 22-23 январы грекъаг-ромаг хъæбысхæстæй цыдысты Цæгат Кавказы федералон зылды фыццаг бынат бацахсыныл ерыстæ æрыгæтты (18 азы онг) 'хсæн.

Дзæуджыхъæумæ цы 240 æрыгон богалы æрбацыдысты, уыдон ерыс кодтой дыууадæс уæзы. Æппæты фылдæр уыдысты Цæцæны Республикæ (57) æмæ Дагестаны (54) минæвæрттæ. Ирыстойнаг богæлттæ ерысты архайдтой 22-йæ.

Ерысты байгомы размæ спортсментæ, уазджытæ æмæ спортуарзджытæн зæрдиаг арфæтæ ракодтой: РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар **Тускъаты Таймураз,** нæ республикæйы физикон культурæ æмæ спорты министры хæдивæг, Олимпиаг хъæзтыты уæлахиздзау **Санаты Аидæ,** РЦИ-Аланийы грекъаг-ромаг хъæбысхæсты иугонд командæйы сæйраг тренер **Уруймæгты Владимир**. Æрыгон богæлтты ерыстæ рауадысты зæрдæмæдзæугæ. Алы уæзы дæр 1-аг бынат бацахсыныл тохтæ цыдысты цымыдисаг ныхмæлæуды. Ирыстойнаг богæлттæн бантысти фараст хæрзиуæджы рамбулын.

Нæ богæлттæ уæлдай æнтыстджындæр уыдысты 60, 92 æмæ 120 кг онг уæзты. 60 кг онг уæзы 1-аг бынат рамбылдта **Мæргъиты Марат** (йæ тренер — **Гæбæраты Аслан**). Марат ивгъуыд азы Уæрæсейы 1-аг бынат бацахста 16 азы онг æрыгон богæлтты 'хсæн. Ныр 18-аздзыдты ерысты дæр ЦКФЗ-йы кæй фæуæлахиз, уый дзурæг у йæ хорз гæнæнтыл.

Ирыстойнаг богæлттæ 1-2-аг бынæттæ рамбылдтой 92 æмæ 120 кг онг уæзты. 92 кг онг уæзы кæронбæттæны фембæлдысты ирыстойнаг богæлттæ **Артур Маркарян** æмæ **Саид Айдинов**. Сæ фембæлд ахицæн Артур Маркаряны пайдайæн, æмæ уый бацахста 1-аг бынат, Саид Айдинов та ссис 2-аг бынат рамбулæг. 120 кг онг уæзы дæр кæронбæттæны фембæлдысты дыууæ ирыстойнаг лæппуйы **Григорий Бутхудзе** æмæ **Дзанайты Тимур.** Сæ фембæлд ахицæн Григорий Бутхудзейы пайдайæн, æмæ уый ссис æппæты уæззаудæр уæзы уæлахиздзау, Дзанайты Тимур та бацахста 2-аг бынат.

Нæ богæлттæй ма 2-аг бынæттæ бацахстой **Давид Гаглошвили** (51 кг) æмæ **Тедеты Сæрмæт** (60 кг). Æртæ сыгъзæрин, цыппар æвзист майданæй уæлдай, нæ лæппутæ **Цæллагты Алихан** (51 кг) æмæ **Артур Ясинский** (80 кг) хорзæхджынгонд систы бронзæ майдантæй.

Нæ лæппуты архайд хорзыл банымадтой сæ иузæрдион фарсхæцджытæ. Нæ богæлттæй хорзæхджын чи ссис, уыдонæн ныр бар уыдзæн Уæрæсейы фыццаг бынат бацахсыныл ерысты архайынмæ.

Нæ спортсменты ацы ерыстæм бацæттæ кодтой сæ тренертæ: **Гаглойты Вахтанг, Гуыдиаты Илья, Гæбæраты Аслан, Мæргъиты Алан, Эмзар Карелидзе, Къæбысты Алан, Хаситы Таймураз.**

Нæ фесгуыхæг богæлттæ мартъийы райдианы хæцдзысты Уæрæсейы фыццаг бынат бацахсыныл ерысты.

Фыццаг бынæттæ бацахстой: 42 кг — **Ризван Каирбеков** (РД), 45 кг — **Ильяс Дакаев** (ЦР), 48 кг — **Абдулла Исраилов** (ЦР), 51 кг — **Ислам Шанов** (ХъЧР), 55 кг — **Ризван Яхиев** (ЦР), 60 кг — Мæргъиты Марат (РЦИ-А), 65 кг — **Мурадбек Ирисханов** (РД), 71 кг — **Раджаб Байтулаев** (Стъараполы край), 80 кг — **Наиб Абубакаров** (ЦР), 92 кг — Артур Маркарян (РЦИ-А), 110 кг — **Муртуз Абдулхаликов** (РД), 120 кг — Григорий Бутхудзе (РЦИ-А).

БАСКАТЫ Уырызмæг

Барад

Мæнг гæххæттыты фæрцы

Уголовон кодексы 159-æм статьяйы 3-æм хайы (”Æфстау дæттыны къабазы цæстфæлдахæн ми”) амынд фыдракæнд саразынæй кæуыл гуырысхо кæнынц æмæ, æппæт бæстæйы кæй агуырдтой, дзæуджыхъæуккаг æмæ хъырымаг пъæлицæйы кусджытæ горæт Симферополы баурæдтой ахæм нæлгоймаджы.

Уголовон хъуыддаджы æрмæджытæм гæсгæ Дзæуджыхъæуы банктæй иуы æфстау райсынæн гуырысхойаг адæймаг куысты бынатæй райста мызды тыххæй мæнг гæххæтт. Ацы гæххæтты фæрцы нæлгоймагæн радтой 2,2 милуан сомы бæрц æфстау. Æхца райсыны хæдфæстæ нæлгоймаг йæхи бамбæхста, стæй, æфстау бадзырды амынд хæстæ нæ бахæст кæнгæйæ.

Банчы æдасдзинады службæйы кусджытæ куыд рабæрæг кодтой, афтæмæй амынд нæлгоймаг сын бавдыста мæнг гæххæттытæ. Ацы æууæл нымайгæйæ, банчы хайады разамонæг пъæлицæмæ бахъаст кодта.

Оперативон-агурæн мадзæлттæ баххæст кæнгæйæ, дзæуджыхъæуккаг пъæлицæйы кусджытæ фыдракæнд саразынæй гуырысхойаг 27-аздзыд бирæгъзæнггаг нæлгоймаджы баурæдтой Симферополы центрон уынгтæй иуы æмæ йæ Дзæуджыхъæумæ йæ хъуыддаг дарддæр равзарынмæ æрбаластой.

Нæ уацхæссæг

Номарæн

Дæ фарн цæрдзæн, Мæдинæ

Сæдæ азы йæхи фесты дунейы фыццаг æрвылбонон ирон газет "Рæстдзинад"-æн. Йе 'взаг æмæ дамгъæйы мыхуыры аивыл удуæлдайæ чи архайдта, уыцы æнувыд зиууæттæй иу уыд нæ уарзон æмкусæг, уæздан æмæ фендджын сылгоймаг Гæлæбаты-Фæрниаты Бæдинæ (Мæдинæ).

Йæ ном фехъусгæйæ, цæстытыл ауайы, зондæй æмæ уындæй дæр, Хуыцау æнæхай кæй нæ фæкодта, ахæм адæймаджы сурæт. Хурбон æваст арв куыд ныннæры æмæ йæ сонт къæрццытæй адæймаджы зæрдæ куыд бариссы, афтæ нæ удаист фæкодта нæ уæздан хистæр æмæ дæсны корректоры адзал.

Мæдинæйы хуызæн хистæртæй-иу нæ фыдæлтæ афтæ дзырдтой, æцæг хорз сылгоймагæй йæ кары чи цыд, ахæм адæймаг у, зæгъгæ. Райгуырд æмæ схъомыл Фыййаджыбылы хъæуы. Мæдинæ йæ мыггагæй, уæздан Куырттаты комæй рахаста æцæг удрухсгæнæг фарн. Хурау дзы тавта, газет "Рæстдзинад"-æн лæггад кæнгæйæ, Ирыстоны адæмы. Йемæ зонгæ чи уыд, йе 'взонгæй æмæ кары бацæуыны афонмæ, уыцы адæймæгтæй иу дæр афтæ нæ зæгъдзæн, Мæдинæ искуы тызмæг цæстæй искæмæ ракаст, йе та сæ искæй зæрдæхудты бацыд. Кæд царды зынтæ дæр æнæбавзаргæ нæ фæци, уæддæр йæ зæрдæ баззад сыгъдæгæй. Цыргъзонд, фендджын æмæ æрхъуыдыджын сылгоймаг уыд. Газеты редакцийы куысты йыл цы хæс уыд, куыд корректор, афтæ дзы иу дзырд, иу хъуыдыйад æнæ бæстон бæрæгæй нæ ирвæзт. Куы хъуыдаид, уæдиу æрмæджы авторимæ ауынаффæйы фæстæ уац редакци кæныны уагыл дæр хъуыдыйæ фæаивдæр кодта. Йæ дæсныйады йæм цы алывæрсыг фæлтæрддзинад уыд, уый канд "Рæстдзинад"-ы фарныл нæ ахадыдта. Йæ мадæлон æвзагæй уæлдай ма, уырыссаг æвзаг хорз кæй зыдта, уымæ гæсгæ куыста корректорæй республикон фæсивæдон газет "Æрыгон коммунист"-ы (ныр газет "Слово"-йы) редакцийы дæр.

Газет "Рæстдзинад"-ы гæнæн уыд, æмæ дзы суанг рауагъды дирекцийы сæргъы дæр æрлæууыдаид. Уыцы бæрнон бынаты йæ арæхстдзинад фылдæр фæахъаз уыдаид газеты æрмæджыты мидис æмæ сæ мыхуыр кæныны уагæн. Уæдæ дзы мызд дæр корректоры мыздæй фылдæр уыдис. Фæлæ йæ уæздандзинад ам дæр равдыста нæ уарзон æмкусæг. Нæ йæ бафæндыд уыцы бынатмæ рацæуын. Йæ фæнд ууыл дзурæг уыд, æмæ Мæдинæ сæйраджы-сæйрагдæр хæст уыд хи царды хуыздæрыл, йæ дзыппы бæркадыл, фæлæ, цы бынаты ис, куыд корректор, афтæ "Рæстдзинад"-ы хæрзхъæддзинадыл архайынил йæ царды фæстаг бонмæ дæр.

Йæ фæзминаг æмæ æнæзæрдæхудт фæллойы тыххæй Фæрниаты Мæдинæйæн лæвæрд æрцыд РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæджы ном. Уыд фæллойы ветеран. Йæ профессион арæхстдзинад канд национ мыхуыры рæзтыл нæ сахадыдта, фæлæ ма-иу йе 'ххуыс арæх бахъуыд редакцийы журналистты, йæ поэтикон æмæ публицистон уацмыстæ хицæн чиныгæй рауадзынмæ чи цæттæ кодта, уыдоны дæр. Кæд йæхи хæстæ бирæ уыдысты, уæддæр-иу авторы къухфыст фæстæмæ никуы здæхта, цыбыр рæстæгмæ-иу æй бараст кодта.



Царды зынты сæрты дæр, сылгоймаг уæвгæйæ, нæртон лæджы хъаруимæ ахызт Мæдинæ. Йæ цардæмбал, нæ республикæйы хъæууон хæдзарады кусæг Гæлæбаты Солтан æрыгонæй фæндагон фыдбылызы фæмард. Мæдинæйы зæрдæ уыцы æвирхъау адзалæй фæрчытæ куыд нæ ахаудта, куыд ныффæрæзта йæ сæрыхицауы æнæнхъæлæджы адзалæн! Уый нæ, фæлæ йæ уарзон куыстæй йæхи иу бон дæр нæ фенæхай кодта, афтæмæй царды раст æмæ рæсугъд фæндагыл сæвæрдта йæ чызг Дзерассæ æмæ лæппу Тимуры. Сты хæрзæгъдау, адæмуарзон æмæ бонзонгæ.

Хорз, уæздан чызгæй зыдта Мæдинæ йæ чындз Маринæйы. Гæлæбаты хæдзармæ уый разынд æцæг фарн æмæ амондхæссæг. Цы бон сæм æркуывта, уыцы бонæй Мæдинæйæн йе 'нæнхъæлæджы адзалы сахатмæ уыд лæггадгæнæг, йæхи кæстæрты дæр уыцы зондыл æфтауæг. Афтæ зæгъæн ис, æмæ, Мæдинæ царды цы зындзинæдтæ федта, уыдон ын йæ кæстæртæ сæ узæлдæй, царды сæ раст æмæ зæрдæрухсы къахдзæфтæй рох кæнын кодтой. Афтæмæй сæ сæ уæздан ныййарæджы рæвдыдæй фенæхай кодта хъысмæты бардуаг. Мах дæр, газет "Рæстдзинад"-ы редакцийы кусджытæ, нæ уарзон хистæр æмкусæджы, национ мыхуыры æнувыд зиууоны æнæнхъæлæджы адзалыл хъыг кæнæм. Нæ фыдæлты загъдау, лæг йæ кадæн цæры. Мæдинæ йæ зын, фæлæ арфæйаг хъысмæты фæндагыл цард, йæхи кадæй уæлдай, газет "Рæстдзинад"-ы фарн, йæ хорзæх, амонд æмæ рухсæн. Йе 'вæрæн бон Гæлæбаты хистæртæй иу хорз хъуыды загъта: "Не 'хсæн Мæдинæйæн уыд æцæг ирон лæджы кад. Лæггадгæнæг чындз, уарзон хойау дзы бирæ хорздзинæдтæ зонæм. Хуымæтæг ныхæстæй йæ уды бирæ хæрзтæн радзурæн нæй".

Адæймаджы цард æнусон нæу, фæлæ, адæмы зæрдæты цы хорз фæд ныууадзы, уымæй йæ ном вæййы фæлтæртæн уазæй мысинаг. Нæ уæздан хистæр, фæлтæрдджын æмкусæг Фæрниаты Мæдинæйы адзалæй газет "Рæстдзинад"-ыл æрцыд уæззау зиан, фæлæ йæ хорз зæрдæйы рухс немæ баззад цæргæйæ, йæ фæлтæрддзинад, йæхийау, ирон дзырдыл, Ирыстоныл, "Рæстдзинад"-ыл æнувыд кæстæртæн уыдзæн цæрæнбонты зæрдæрухсгæнæг, кад æмæ рады дæнцæджы мысинаг...

Газет “Рæстдзинад”-ы кусджытæ

Гæлæбаты бинонтæ зæрдæбын арфæ кæнынц, сæ зынаргъ хистæр, уарзон мад Гæлæбаты-Фæрниаты Бесæгъуыры чызг Бæдинæйы (Мæдинæйы) зианы бон сæ фарсмæ чи 'рбалæууыд, уыцы сыхæгтæ, йе 'мкусджытæ, хиуæттæ æмæ хæстæджытæн, æрцæуæг адæмæн. Уæлдай арфæйы аккаг сты — Икъаты Русланбег, Лолаты Азæмæт, Гагкайты Барис æмæ Наниты Аслæнбег. Æмæ хъусын кæнынц, Гæлæбаты-Фæрниаты Бесæгъуыры чызг Бæдинæйы (Мæдинæйы) дыууиссæдзæм боны кæнд кæй уыдзæн 27 январы, сабаты, Дзæуджыхъæуы, Доваторы уынджы 7-æм хæдзары.

Аивад

Хъæбатыры кадæн

Нæ республикæйы цæттæ кæнын райдыдтой Мамсыраты Хаджумары цард æмæ æнæмæлгæ сгуыхтдзинæдты фæдыл ”Булкъон Ксанти”, зæгъгæ, документалон киноныв сисынмæ.

Уый тыххæй фехъусын кодтой Цæгат Ирыстоны кинематографийы академийы. Документалон кинонывыл кусы, уæрæсейаг националон телепреми "ТЭФИ" киноныв "Хип-хоп Ирыстон"-ы тыххæй чи райста, уыцы æрыгон курдиатджын специалистты къорд.

Ныридæгæн архайд цæуы сценари ныффыссыны фæдыл æрмæджытæ æмбырд кæныныл. Мамсыраты Хаджумар (1903-1968) у Цæгат Ирыстоны зындгонддæр хъайтартæй иу, йæ ном хæссынц Дзæуджыхъæу, Цхинвал, Грозна æмæ Луцкы горæтты уынгтæ.

1945 азы майы мæй Мамсыраты хъæбатырæн лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъайтары ном. Хорзæхджынгонд æрцыд Ленины æртæ орденæй, Сырх тырысайы цыппар орденæй, Кутузовы I, Суворовы II къæпхæнты ордентæ æмæ æндæр хæрзиуджытæй.

БУТАТЫ Азæмæт

Ног ирон кино

Булкъаты Михалы уацмыс ”Авд сау гæххæтты”-йыл Цæгат Ирыстоны систой киноныв. Ирон æвзагыл ног кино фæзындзæн. Проектыл бакуыстой цæгатирыстойнæгтæ: генералон продюсер Сохъуырты Аслан, режиссер Колыты Анатоли, сценарист Колыты Алан.

Кино истой Къæмунтæ, Гæлиат, Мæхческ, Дзинагъа, Зæрæмæг æмæ Дзæуджыхъæуы. Сæйраг ролтæ ахъазыдысты Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион æмæ "Саби"-йы театрты артисттæ: Лæцойты Зитæ, Хъараты Максим, Абойты Зауыр, Дзуццаты Дзамболат æмæ Гуыбиаты Хъазыбег.

Кинойы цаутæ цæуынц 1942 азы ирон хъæуы. Дыууæ æфсымæры æнхъæлмæ кæсынц сæ фыды ссыдмæ. Алы бон дæр постхæссæг хъæумæ æрбахæссы сау гæххæттытæ. Уыцы гæххæттытæ цас зынтæ, хъыг, рыст хæссынц, уый æмбаргæйæ, лæппутæ постхæссæгæн дзурынц, цæмæй, цалынмæ хæст фæуа, уæдмæ гæххæттытæ цæрджытæй æмбæхса.

Сохъуырты Аслан куыд радзырдта, афтæмæй бындурæн райстой уацмыс, фæлæ сценари аивадон кинонывмæ раивтой. "Ныртæккæ монтаж, компьютерон графикæ кæронмæ фæхæццæ кæнынц. Киноныв равдисдзыстæм 2024 азы 9 майы. Мах фæнды, цæмæй кинотеатрты рацæуа", — загъта Сохъуыры-фырт.

ХУЫБИАТЫ Ларисæ

Хæрыны халсартæ

Æртæсыфон тæрхъусгæрдæг

Æртæсыфон кæрдæгæн, тæрхъусгæрдæгæн хордтой йæ сыфтæ сывæллæттæ, фæлæ карджынтæн дæр зианы хос кæм уыдаид уый бæрц сыгъдæгæй, хæрзадæй. Хæргæ-хæрын дзы хъазыдысты "уарзын-нæ уарзынтæй" чызгæйлæппуйæ. Æмæ уыцы æгъдауæй бæрæг уарзондæр кæрдæг уыди рæзгæтæн дидинæг афон. Дидинæг та калдта дзæвгар бонты, æмæ йын цъырдтой йæ мыд. Æртæсыфон кæрдæгыл фос æхсызгонæй хизынц, фæлæ йыл уæлдай ахуыр сты тæрхъустæ, æмæ йæ уыцы номæй дæр уымæн хуыдтой.

АЙЛАРТЫ Измаилы
чиныг “Ирон фарн”-æй

Мидбылты худгæйæ

"Бирæгъ — фысгæс"

Ивгъуыд æнусы æхсайæм азты Джобона Къуыдаргомы колхозтæй иуы куыста дыргъдоны æхсæвгæсæй. Иу аз диссаджы зад уыдысты бæлæстæ, тугыл аскъуыд сæ тыллæг. Джобона "Запорожецы" хæррæгъыл фæхæст, æмæ-иу куы 'рбаталынг, уæд давыныл нæ ауæрста. Бирæгъ фысгæс куыд сæвæрай, афтæ-иу йæ багажник айдзаг кодта æмæ дзы уæй дæр кодта сыхаг хæстæг хъæуты, цæсгæмттæ кæнынæн дæр ын фаг уыдысты.

Чидæр æй фæфиппайдта æмæ сæрдармæ дзыхтæ бахаста, уый, дам, цавæр диссаг у, дыргъдоны хъалагъуыр, дам, йæхæдæг фыццаг къæрных куы у, æхсæв-бонмæ йæ "Запорожецы" мотор хуысгæ куы нæ кæны, сыхаг хъæуты, дам, куы ныссатар кодта фæткъуыйæ, кæрдойæ, чылауийæ, уæд чердæм кæсут?

Сæрдар куыд не смæсты уыдаид! Ацы рувас цы архайæг у, уый мæхædæг хъуамæ базонон, зæгъгæ, иу æхсæв бавдæлд æмæ йæхи фæндаггæрон бафæсвæд кодта, рындзыл сбадт. Иуафон хæдтулгæйы гуыв-гуыв æрбайхъуыст дыргъдоны 'рдыгæй, бæрæг уыд йæ уынæргъынæй, уæззау цыдæртæ кæй æрбаласы. "Саг фæрæтмæ æрцыд", — ахъуыды кодта сæрдар, æмæ йæм "запъор" куы 'рбаввахс, уæд йæ размæ рагæпп ласта.



Джобонайæн ма цы гæнæн уыд, æвæндонæй рахызт æмæ сæрдарæн салам радта. Уый йæм уыцы тызмæгæй дзуры:

— Тагъд ма дæ багажник байгом кæн! Кæдæм цæуыс, уый ма зæгъ!

Цы у, цы хабар у, зæгъгæ, Джобона сæрдары йе згæхæрд хæдтулгæйы фæстæмæ рахуыдта æмæ гуыффæ сыгом кодта. Сæрдар кæсы, æмæ дзы мотор æвæрд.

— Мæнæ мын сыхаг хъæуы мотор радтой, мæхион нал бæззы, æмæ йæ, зæгъын, нæхимæ баскъæфон.

Сæрдар Джобонайæ хъауджыдæр "Волгæйыл" бадт æмæ, цы хæйрæг уыдис, "Запорожецæн" йæ багажник разæй кæй ис:

— Кæс ма, дæ хорзæхæй, адæмыл цы 'взæр æвзæгтæ ис! Чидæр мын афтæ, æхсæв-бонмæ, дам, дыргъ давыс, тугтæ дыл мысынц. Хуыцау хорз, æмæ алцыдæр мæхи цæстытæй федтон...

ГАПБАТЫ Алетæ

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Газет “Рæстдзинад”

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

КУСГÆ БОНТÆ — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

25-67-03

Номыры радхæссæг редактор — **Дедегкаты Зæлинæ.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Сæрмагонд уацхæссæг: **Гасанты Валери — 25-91-92.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Мамиаты Лолитæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, “Рæстдзинад”-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ‘рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй “Рæстдзинад”-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:

362015,
РЦИ-Алани,
г. Дзæуджыхъæу,
Къостайы
проспект, 11.

Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад “Ирыстон-полиграфсервис”-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 2978.
Заказ № 71.
Мыхуырмæ
хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru